

AKULTURASI BUDAYA LAN SINKRETISME SAJRONING SULUK RESI DRIYA

GALIH SETYA POERBAYA
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
poerbaya91@gmail.com

ABSTRAK

Suluk Resi Driya kang sabanjure dicekak SRD mujudake salah sawijining karya sastra Jawa Anyar. Minangka karya sastra Jawa anyar, SRD ngandhut bab-bab kang ana gegayutane karo agama Islam. Agama Islam tuwuh lan ngrembaka ing tanah Jawa laras klawan kapercayan sarta kabudayan masyarakat ing tanah Jawa. Mula, dumadi sawijining akulturasi utawa cecampuran antarane budaya Jawa klawan Agama Islam ing tanah Jawa. Akulturasi kang ngupaya anane campuran saka rong pamawas kang sejatine beda kasebut sajroning *khazanah* studi budaya diarani sinkretisasi.

Adhedhasar landhesaning panliten ing dhuwur, prakara kang dirumusake sajroning panliten iki, yaiku: 1) kepriye wujud deskripsi naskah tumrap SRD? 2) kepriye wujud akulturasi budaya lan sinkretisme sajroning naskah SRD? Adhedhasar telung prakara ing dhuwur, ancasing panliten iki, yaiku: 1) ngandharake wujud deskripsi sajroning naskah SRD, 2) ngandharake wujud akulturasi budaya lan sinkretisme sajroning naskah SRD. Panliten iki diajab bisa mupangati tumrap 1) panliti, panliten filologis iki diajab bisa menahi kawruh ngenani isine naskah SRD sarta bisa menahi pengalaman anyar, 2) pamaos, bisa menahi wawasan sajroning mangerteni lan mahami isi sawijining naskah, mligine naskah SRD, lan 3) pamulangan sastra, bisa digunakake minangka bahan pasinaon sastra lan uga bisa didadekake sumber informasi ngenani filologi tumrap karya sastra naskah.

Panliten iki mujudake panliten deskriptif kanthi titingan filologi lan metode hermeneutika. Sumber data arupa naskah kang asale saka salah sawijining warga Desa Sidomulyo, Kecamatan Pule, Kabupaten Trenggalek. Data panliten iki awujud ukara-ukara kang wujud gatra tembang macapat kang ngandhut akulturasi lan sinkretisme. Tata cara pangumpulan data yaiku kanthi cara teknik pustaka. Tata cara pangulahaning data yaiku kanthi metodhe deskriptif analitik.

Asile saka panliten iki yaiku deskripsi naskah sarta wujud akulturasi budaya lan sinkretisme sajroning naskah SRD. Wujud akulturasi budaya yaiku tinemu sajroning 1) basa kang digunakake yaiku basa Arab kang digabung klawan basa Jawa, 2) sesebutan kanggo nyebut Asmane Gusti Allah, 3) Ngenani wong kang dianggep keramat. Wujud sinkretisme ana rong perangan yaiku babagan kapercayan lan babagan ritual. Babagan kapercayan yaiku 1) ngenani Nabi Muhammad lan nabi-nabi liyane, 2) ngenani roh-roh leluhur utawa roh penjaga utawa dhanyang, 3) ngenani jim lan setan, lan 4) ngenani kasekten. Wondene babagan ritual yaiku 1) shalat lan 2) tirakat.

Tetembungan wigati: *akulturasi, sinkretisme, Islam-Jawa*

PURWAKA

Sastra mujudake perangan kabudayan kang tuwuh lan ngrembaka sajroning masyarakat. Sastra mujudake sawijining ekspresi sipat kamanungsan kang kebak klawan *idealisme*, pangarep arep, lan pepenginan liyane, sajroning mujudake panguripan kang luwih apik (Purnomo, 2011:1). Ekspresi iki diwujudake lumantar sawijining basa. Sajroning karya sastra, salah siji saka unsur karya sastra kasebut bisa luwih pinunjul tinimbang unsur-unsur liyane. Pangripta anggane medharake bisa kanthi sinurat uga bisa kanthi sumirat. Mula saka iku karya sastra ora mung wacan kang mung bisa diwaca, nanging uga kudu dipahami, dihayati, sarta dimaknani.

Sajrone karya sastra Jawa Anyar dumunung karya sastra Klasik lan karya sastra Pesisiran. Kang diarani karya sastra klasik utawa sastra *pedalaman* iku karya sastra kang tuwuh lan ngrembaka ing laladan Yogyakarta lan Surakarta, sumbere saka panguripan masyarakat Jawa kang manggon sajroning kraton. Wondene kang diarani

karya sastra pesisiran yaiku karya sastra kang tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat kang manggon ing laladan pesisir (Purnomo, 2011:22).

Karya sastra Jawa anyar iku akeh-akehe sumimpen sajroning naskah. Isine naskah bisa aweh gegambaran ngenani sawernaning kahanan masyarakat jaman biyen. Naskah yaiku tulisan tangan kang nyimpen maneka warna panemu lan pangrasa, minangka asiling budaya jaman biyen. Naskah-naskah iku mujudake salah sawijine sumber *informasi* kang wigati, amarga sajrone naskah sumimpen bab-bab penting kayata : asiling kabudayan, andharan, lan katrangan kang ngandhut sejarah ing masyarakat jaman biyen (Baried, 1994: 55).

Salah sijine naskah kang kahanane mrihatinake senjata isih kena diwaca yaiku awujud naskah *Suluk Resi Driya. Suluk Resi Driya*, sabanjure dicekak SRD. Saka isine naskah sacara umum, naskah iku ngandhut bab piwulang kerohanian tasawuf utawa sufisme. Jumbuh klawan panemune Purnomo (2011:56) kang ngandharake

yen karya sastra Jawa suluk mujudake karya-karya sastra kang ngandhut piwulang-piwulang kerohanian tasawuf utawa sufisme. Tasawuf utawa sufisme ing kene gegayutan karo babagan agama Islam kang tuwuh lan ngrembaka ing tanah Jawa.

Tuwuh lan ngrembakane Agama Islam ing tanah Jawa laras klawan kapercayan sarta kabudayan masyarakat ing tanah Jawa, mula saka iku dumadi sawijining akulturasi utawa cecampuran antarane budaya Jawa klawan Agama Islam ing tanah Jawa. Miturut Koentjaraningrat (1984:310), Agama Islam sajroning masyarakat Jawa diperang dadi loro yaiku kang asipat sinkretis lan kang asipat puritan. Agama Islam sinkretis tegese yaiku agama islam kang lebur dadi siji klawan unsur-unsur pra-Hindhu, Hindhu lan Islam (*heterodoks*), dene agama Islam puritan yaiku, agama islam kang luwih taat marang prentah Al-Qur'an sarta Hadits rasul (*ortodoks*).

Wujud agama Islame wong Jawa kang diarani Agami Jawi utawa Kejawen mujudake sawijining kompleks kapercayan sarta konsep-konsep Hindhu-Budha kang luwih tumuju marang samubarang asipat mistik, kang lebur dadi siji lan diakoni minangka agama Islam. Dene Agama Islam Santri sanajan ora bisa luput klawan unsur-unsur animisme lan dinamisme sarta unsur-unsur Hindhu-Budha, nanging luwih raket tumuju dogma-dogma ajaran Islam kang sejati.

Perkara akulturasi budaya lan sinkretisme kaya-kaya dadi bab kang paling penting menawa ngrembug ngenani Islam Santri lan Islam Abangan utawa Agami Jawi. Bab akulturasi budaya lan sinkretisme iku ora bisa diselaki jalaran Agami Jawi pancen nuduhake pranatan religius kang akeh dijupuk saka sanjabaning sistem ritual Islam baku. Agami Jawi nuduhake sipat kang luwes marang tradhisi lan kapercayan lokal kang ana sadurunge Islam mlebu, dene Islam Santri luwih nuduhake sipat kaku sajroning ngugemi ajaran-ajaran Islam.

Akulturasi

Akulturasi miturut J.Powel sajroning (Bakker, 1984:115) yaiku lumebune nile-nile budaya *asing* sajroning budaya lokal tradhisional. Wondene miturut Koentjaraningrat (1996: 155) akulturasi yaiku sawijining proses sosial kang tuwuh menawa sawijining kelompok masyarakat kanthi sawijining kabudayan tartamtu diadhepake klawan unsur-unsur saka sawijining kabudayan asing, saengga unsur-unsur kabudayan asing kasebut saya suwe ditrima lan diolah lumebu sajroning kabudayan masyarakat iku dhewe tanpa ngilangake kapribadene kabudayan masyarakat iku dhewe utawa kabudayan asli.

Krober sajroning Harsojo(1967:122) uga ngandharake menawa akulturasi klebu owah-owahan sajroning kabudayan kang disebabake anane daya pangribawa saka kabudayan liya kang pungkasan ngasilake sansaya akehe babagan kang padha tumrap kabudayan kasebut.

Saka pawawas para ahli-ahli ing dhuwur bisa didudut menawa akulturasi mujudake lumebune nile-nile budaya asing sajroning kabudayan lokal tradhisional tartamtu nanging tanpa ngowahi utawa ngilangake unsur asli saka

budaya lokal kasebut. Nile-nile budaya asing kasebut lumebu banjur gabung dadi siji.

Sinkretisme

Sinkretisme yaiku proses utawa upaya kanggo nyawijekake, njumbuhake lan nyelarasake loro utawa luwih saka maneka warna kang beda lan nyawijekake maneka warna sekte utawa aliran filsafat (Mulder, 1999:3). Wondene yen miturut Simuh (1988:2) sinkretis yaiku sawijining pamawas kang ora merakakake bab murni apa orane sawijining agama. Kanggone wong kang nduweni paham sinkretis, kabeh agama diwawas apik tur pener. Kanggone wong kang nduweni paham sinkretis, kabeh agama diwawas apik tur pener. Panganut paham sinkretisme, asring njumbuhake unsur-unsur saka rong Agama utawa luwih senajan antarane siji lan liyane nduweni unsur kang sipate beda banget. Sinkretisme kang bakal diandharake sajroning panliten iki yaiku sinkretis kang kinandhut sajroning Agama Islam mligine kang tuwuh lan ngrembaka ing tanah Jawa.

Agama Islam tuwuh lan ngrembaka ing tanah Jawa laras klawan kapercayan sarta kabudayan masyarakat ing tanah Jawa, mula saka iku dumadi sawijining akulturasi utawa cecampuran antarane budaya Jawa klawan Agama Islam ing tanah Jawa. Miturut Koentjaraningrat (1984:310-312), Agama Islam sajroning masyarakat Jawa diperang dadi loro yaiku Agama Islam Abangan utawa kang luwih asring disebut Agama Jawi lan Agama Islam Santri. Agama Islam Abangan utawa Agama Jawi tegese yaiku sawijining kompleks kapercayan lan konsep-konsep hindhu-Budha kang tumuju marang samubarang mistik kang dicampur dadi siji lan diakoni minangka Agama Islam. Wondene Agama islam Santri luwih taat marang dogma-dogmatumrap Islam baku. Kanthi mangkono, islam Abangan utawa Agama Jawi luwih asipat sinkretis, jalaran nyawijekake unsur-unsur pra-Hindhu, hindhu-Budha lan Islam (*heterodok*). Sawetara kuwi Agama Islam Santri asipat puritan tegese isih taat marang apa kang dadi ajaran Islam(*ortodoks*).

Sanajan kaya mangkono, panganut Agama Jawi ora ateges ora nduweni agama utawa kegiyatane ing padinan tanpa dilandhesi agama. Koentjaraningrat (1984:319) ngandharake sajroning nindakake kegiyatan ing padinan, wong Jawa kang nganut Agami Jawi didhasari kanthi keyakinan, konsep-konsep, pamawas-pamawas, nile-nile sarta norma-norma kang ana ing alam pikirane. Sistem keyakinan agami Jawi kanthi luwih umum bisa didhasarake ing rong konsep, yaiku konsep keyakinan lan ritual.

Konsep keyakinan sajroning agama Islam Sinkretik miturut Koentjaraningrat (1984: 312) yaiku konsep ngenani: (1) Percaya marang anane Pangeran sarta sipat-sipate, (2) Percaya anane Nabi Muhammad sarta nabi-nabi liyane. Wong Jawa percaya marang anane Nabi Muhammad kang raket banget klawan Gusti Allah, (3)Percaya marang anane wong kang *keramat* utawa suci. Wong Jawa uga percaya marang anane sawetara wong-wong kang dianggap *keramat* utawa suci, (4) Kosmogoni lan Kosmologi, yaiku mitologi ngenani babagan dumadine donya lan manungsa, (5) Eskatologi Agami Jawi, yaiku keyakinan ngenani tumurune ratu adil kang

bakal nggawa keadilan sarta katentreman ing alam donya iki, (6) Percaya marang anane Dewa-dewa, (7) Percaya marang anane *kematian* lan *alam Baka*, (8) Percaya marang roh leluhur lan roh penjaga utawa dhanyang, (9) Percaya marang anane jim, setan sarta buta raseksa, (10) Percaya marang kasekten. Wong jawa nganggep menawa kasekten iku minangka daya utawa kakuwatan kang bisa ngetokake panas, cahya sarta kilatan. Kasekten bisa dumunung ing perangan awake manungsa, uga awake sato kewan. Nanging lumrahe, kasekten kasebut dumunung ing sawijining samubarang kang dianggep suci, kayadene keris.

Konsep ritual sajroning sinkretisme Islam-Jawa yaiku ritual upacara kang ditindakake dening masyarakat jawa, tuladhane slametan (Koentjaraningrat, 1984:343). Upacara-upacara kasebut nduweni unsur lan sipat keagamaan.

Saka andharan mau, punjering panliten sajroning panliten iki yaiku: (1) Kepriye wujud *deskripsi* naskah tumrap SRD? (2) Kepriye wujud akulturasi budaya lan sinkretisme sajroning SRD?

Saka andharan underaning panliten iku, bisa dirumusake ancasing panliten iki yaiku: (1) Ngandharake *deskripsi* naskah SRD. (2) Ngandharake akulturasi budaya lan sinkretisme sajroning SRD.

Landhesan Teori

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori filologi kang diadharake dening Baried (1994:2) filologi yaiku minangka kawruh kang diperlokake kanggo sawijining ngupaya kang dilakoni marang tulisan jaman biyen, kanggo ndhudhah nilai-nilai kang kinandhut ing jaman biyen. Tulisan kang sumimpen sajrone karya-karya tulis jaman biyen minangka sawijining budaya. Filologi uga bisa diarani ilmu kang gegeyutan karo studi khasil budaya jaman biyen.

Kanggo ngrembug lan ngandharake perkara kang ana sajrone naskah dibutuhake salah sawijine piranti. Pirantine yaiku metode, metode kang digunakake yaiku metode *hermeneutika*. *Hermeneutika* asale saka basa Yunani *hermeneuein* kang nduweni teges napsirake. Karya sastra perlu ditapsirake jalaran ngunakake basa, amarga sajrone basa mau ana makna kang sumimpen utawa sengaja disimpen kanggo kepentingan tertamtu. (Ratna, 2011: 45).

METODHE PANLITEN

Panliten iki ngandharake apa-apa kang dijlimeti, dirasakake lan dipikirake kanggo mangerteni teks sastra. Panliten iki ngandharake kepriye sejatine kang dadi karep lan tujuwane pangripta naskah, mligine andharan ngenani sinkretisme lan akulturasi budaya kang ana sajrone naskah SRD. Panliten ditindakake kanthi cara maca lan mangerteni isining naskah kanthi nggunakake jinise panliten kang asipat *kualitatif*.

Panliten *kualitatif* yaiku salah sijine panliten kanthi nggunakake tafsiran, dene sumber *data* kang digunakake sajroning panliten *kualitatif* ilmu sastra yaiku *karya*, *naskah*, *data* panlitene, minangka *data formal* yaiku

tembung-tembung, ukara, lan *wacana*. Jinis panliten *kualitatif* sajroning panliten iki asipat *deskriptif*, yaiku panliten kang asil *data*-ne arupa tetembungan kang tinulis (Ratna, 2007:46-47). Metode iki kanggo nggambarake kasunyatan-kasunyatan saka objek saengga bisa antuk asil kang bener lan pener. Kanthi ancangan deskriptif *kualitatif* panliten iki diajab ngasilake gegambaran kang cetha lan objektif ngenani suntingan teks lan Sinkretisme lan akulturasi budaya sajrone naskah SRD.

Studi filologi kang bakal digunakake ing sajrone panliten iki yaiku studi filologi kang nengenanke pamarekan filologi moderen. Teks dianggep minangka sumber *kreasi* lan *kreatifitas* pangripta, kayata aweh panyaru, njarwakake, lan penyaduran. Filologi *moderen* yaiku telaah naskah kang ditintingi adhedasar kawruh sastra, ana kene arupa tintingan *struktur* lan amanat tumrap naskah (Subandiyah 2010: 47). Filologi mutakhir tegese kawruh tumrap naskah lawas kang ngregani naskah apa anane lan mawas isi kang kinandhut kanthi *persepektif* sastra kang wus ana sajroning proses filologi.

Sinkretisme lan akulturasi budaya sajrone naskah iki ditintingi kanthi nggunakake metode *hermeneutika*, kang nduweni teges napsirake. Ngunakake *metode hermeneutika* diajab bisa mangerteni makna sastra kang ana sajrone *struktur* karya sastra. Karya sastra perlu ditapsirake jalaran nggunakake basa, amarga sajrone basa mau ana makna kang sumimpen utawa sengaja disimpen kanggo kepentingan tertamtu (Ratna, 2011: 45). Metode *hermeneutika* trep digunakake lelandhesan kanggo nlinti karya sastra, jalaran mbutuhake penapsiran supaya bisa mangerteni lan meruhi isi kang kinandhut sajrone karya sastra.

Sumber data kang ana sajroning panliten iki yaiku sumber data kang arupa naskah SRD kangungane Bapak Darmono warga asal desa Sidomulyo Kecamatan Pule Kabupaten Trenggalek. Minangka bahan kang bakal ditintingi, sumber data ing panliten iki yaiku foto kopian naskah.

Ratna (2004:47) ngandharake, sajroning panliten sastra data formale awujud tembung, ukara, uga wacana. Data sajroning panliten iki yaiku sakabehane tembung-tembung sarta ukara-ukara. Data lan ukara ukara mau dijilentrehake kanggo ngaweruhi akulturasi budaya lan sinkretisme sajroning SRD.

Sajroning panliten iki, panliti minangka alat kanggo nglumpukake data ug kang ngasilake analisis data. Kaya miturut pamawase Moleong (2002:19), manungsa minangka instrumen panliten, nduweni gaman kang kanthi cara luwes bisa digunakake kanggo menehi pambiji marang kahanan sarta bisa jupuk keputusan dhewe.

Metode panliten sing digunakake kanggo nggoleki lan nintingi maneka buku minangka sumber utawa bahan kapustakan kang digunakake minangka sumber tertulis (Moleong, 2006:24). Adhedhasar andharan iku tata cara pangumpulan data ing panliten iki kaya ing ngisor iki (1) Naskah SRD ditransliterasi saka aksara Jawa tumuju aksara latin. (2) Maca bola-bali asile transliterasi naskah SRD. (3) Nglumpukake data sajroning naskah kang trep klawan apa kang dadi punjering panliten. (4) Merang lan

milih data-data kasebut miturut perangan dhewe-dhewe kang trep klawan punjering panliten.

ASILE TINTINGAN

Deskripsi Naskah SRD

Deskripsi naskah nduweni piguna kanggo ngandharake kahanan naskah kanthi apa anane. Naskah kang arep diandharake yaiku naskah kang disimpen dening sawijining petani asmane Darmono kang pidalem ing Desa Sidomulyo, RT. 09 RW. 02 Kecamatan Pule, Kabupaten Trenggalek. Isine naskah awujud tembang macapat, cacaha kaca 209, ana kaca kang ilang yaiku kaca 49 lan kaca 50. Tulisane naskah ditulis kanthi aksara Jawa. Bakale naskah saka kertas buku mawa garis. Naskah nduweni ukuran: dawa: 20 cm, amba: 16 cm, kandel: ±1cm. Saben kaca ditulisi 14 nganti 15 larik.

1. Irah-irahane Naskah

Ora kabeh naskah nduweni irah-irahan, naskah kang ora nduweni irah-irahan kudu ditemtokake dhewe dening panliti supaya nggampangake nalika ditliti. Naskah kang ora ana irah-irahane bisa dideleng saka manggala utawa kolofone. Dene naskah kang ora nduweni manggala utawa kolofon, irah-irahane bisa ditemtokne dhewe dening panliti adhedasar saka isine naskah, pangripta, tema, andharan ing wiwitan, tenggah, lan pungkasan naskah, uga prakara liya-liyane kang bisa nggambarake isine naskah.

Naskah **SRD** kang ditliti iki yen diwawas saka manggala lan kolofone, ora ana katrangan kang cetha ngenani irah-irahane naskah. Tembung “Resi Driya” dijupuk saka tembung wiwitane naskah kang isine kaya pethikan ing ngisor iki:

Resi driya, artati kinawi / wewalere kang wus kina-kina / tinilata ing jalma akeh / sakehing kang maca angrungu / tuwa anom jaler lan estri / padha sira estokna / pitutur kang luhur / kaluhurane agesang / sangkanana tuwekal sarta nastiti / nulata kang utama // (Pp I:1)

Adhedhasar saka pethikan naskah mau, mula irah-irahan naskah **Suluk Resi Driya** dirasa trep kanggo nggambarake wujud lan isine naskah. Amarga sajroning naskah iki akeh piwulang-piwulang lan pitutur-pitutur luhur supaya manungsa bisa nduweni rasa pangrasa utawa driya kang kaya resi.

2. Penulis lan Wektu Panulisan

Panulis naskah bisa diarani pangripta utawa penyalin naskah. Diarani pangripta naskah jalaran panulis dhewe kang ngarang sawijining naskah, dene diarani penyalin jalaran panulis kuwi nyalin lan nulis maneh naskah Resi Driya kang wis ana sadurunge. Panulis naskah bisa diweruhi kanthi gamblang saka manggala utawa kolofon naskah, dene yen ora ana, bisa digoleki saka andharan isine naskah.

Panulise naskah kang diandharake sajrone naskah biyasane ditulis kanthi samar arupa sandi asma. Sandi

asma kang digunakake biasane arupa perangan wanda utawa tembung jeneng pangripta kang dilebokake ing gatra-gatrane tembang kanthi nyebar. Semono uga ngenani taun panulisan naskah biyasane ditulis kanthi candra sengkala.

Naskah **SRD** kang ditliti iki, panulis lan wektu panulisan ana ing perangan mburi naskah utawa kolofon. Jenenge panganggit ditulis kanthi cetha yaiku Rangga Warsita. Panganggit sejatine nulis kanthi gamblang andharan ngenani wektu panulisan naskah **SRD**, nanging emane perangan wektu panulisan naskah mligine taun lan papan panggonane nulis ora cetha amarga perangan iku ilang. Perangan wektu panulisan kang isih ana yaiku naskah iki ditulis dina Selasa Paing tanggal 4 wulan bakdamulut. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki:

Kang pimirwa purwaning nitis / gula klapa mijil saking Rangga Wasita / sinebut kidung waritane / tulisane lare dhusun / kang mijil Selasa Paing / tanggalira ping sekawan / wulan bakda mulut / sewu....(perangan naskah ilang) (Pp. XIV:1)

Saka pethikan ing kaca saduruunge cetha yen perangan taun panulisan naskah ora bisa ditemokake amarga perangan kaca terusane ilang. Senajan kaya mangkono, wektu lan panulisan naskah bisa dikira-kira yaiku saka kertas kanggo nulis naskah kang nggunakake kertas buku mawa garis kang anane wis watara abad XX. Dadi bisa didudut yen naskah iki ditulis ing abad XX.

3. Kahanane Naskah

Naskah kang bakal didadekake obyek panliten bisa wae nuwuhake prakara. Prakara kasebut bisa sebabake saka kahanan fisik naskah kang wis lawas, saengga akeh perangan kaca kang rusak utawa ilang. Kahanan fisik naskah kang rusak bisa dijalar saka wiwitan naskah ditemokake. Naskah kang ditemokake bisa wae kahanan fisike isih apik lan kerumat mula isine bisa diwaca kanthi cetha, nanging naskah kang ditemokake uga bisa wae wujud wis rusak jalaran ora dirumat, saengga ora bisa diwaca, tulisane mblobor, ana perangan kang ilang, naskah dipangani kewan kayata rayap, tikus lan liya-liyane. Naskah kang dadi bahan panliten kudu dipilih saperangan naskah kang kahanane isih apik lan bisa diwaca.

Naskah **SRD** kang asale saka Desa Sidomulyo iki wujud tulisan tangan asli. Miturut Pak Darmono, naskah iki biyen kagungane bapake nalika durung seda. Ora genah saka ngendi asal-usule naskah iku, merga bapake ora tau ngendikan. Wiwitane naskah iki ditemokake dening Pak Darmono kahanane nglegena (tanpa samak), kang banjur dening panjenengane dibuntel nganggo samake buku gambar warna biru tuwa duweke putrane kang wis ora kanggo, banjur diwadhahi tas kreseng warna ireng. Naskah iki kahanan fisike isih kagolong apik, tulisane isih cetha senajan warna kertase wis malih dadi kuning lan coklat tur ana saperangan kaca kang suwek pinggire lan ana kaca kang ilang. Dening Pak Darmono

senajan ora ngerti asal usule, naskah iki disimpen lan dirumati kanthi apik.

4. Tulisan Sajrone Naskah

Panulisan sajroning naskah Resi Driya nggunakake wewaton panulisan jaman saiki. Kahanan tulisan ing naskah **SRD** isih cetha lan bisa diwaca kanthi gamblang, ora ana tulisan kang mblobor. Mlobor ing kene ateges naskah iki ora nate kena banyu utawa kudanan.

Akulturasasi Budaya lan Sinkretisme

A. Akulturasasi Budaya

1. Basa

Kaya kang wis diandharake ing pratelan sadurunge, menawa akulturasasi mujudake lumebune nile-nile budaya asing marang sawijining kabudayan *lokal* tartamtu. Wujude akulturasasi sepisan kang tinemu sajroning naskah SRD yaiku manggon ing wujude basa kang digunakake sajroning naskah. Senajan naskah iki nggunakake basa Jawa minangka basa utama kanggo ngandharake isine naskah, nanging akeh ditemokake tetembungan saka Basa Arab. Kanthi mangkono, tinemu wujud akulturasasi yaiku panggunane tetembungan saka Basa Arab sajroning Basa Jawa.

Wujud kang kapisan yaiku tinemu sajroning tembung “tuwekal”. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki:

Resi driya, artati kinawi / wewalere kang wus kina-kina / tinilata- ing jalma akeh / sakehing kang maca angrungu / tuwa anom jaler lan estri / padha sira estokna / pitutur kang luhur / kaluhurane agesang / sangkanana **tuwekal** sarta nastiti / nulata kang utama // (Pp I:1)

Pethikan ing dhuwur ngandharake ngenani panggunane tembung tuwekal sajroning basa Jawa kang sejatine sajroning basa Arab *tawakal* tegese pasrah marang Allah (Yunus, 1973:506). Sajroning naskah SRD tembung “*tawakal*” ditulis “tuwekal” sanajan beda tulisan lan unine, nanging nduweni teges padha. Tuwekal ing kene tegese uga pasrah marang Gusti Allah.

Sabanjure yaiku tembung “sarengat” kang bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Yin wis sira ngeret bongsa pesthi / pesthi sira ginurakna ing kathah / kathah kenguh dadi bersih / baresih dadi arum / rum arum karanya adi / adine ingkang **sarengat** / mupangate tuhu / tuhun yen iya kaningrat / kangjeng rasul panutane bongsa bumi / ngarap lan tanah jawa //

Tanah ngarab kan den irib-irib / kang den irip mring tanah jawa / amrih jawa pana kabeh / kabeh kang sami makmum / kang makmuman **sarengat** nabi / iya kangjeng nabi dukta / duktane Yang Ngagung / kaluhurane agesang / sangkanana tuwekas agama suci / suci-sucine raga // (Pp I:37-38)

Sajroning pethikan ing dhuwur, tembung sarengat kang asale saka basa arab yaiku “*syari’at*”. Sajroning naskah SRD, tembung “*syari’at*” ditulis “sarengat”. Babagan kasebut mujudake wujud saka akulturasasi, yaiku anane basa Arab kang digabung lan dicampur klawan basa Jawa.

Wujude akulturasasi sabanjure yaiku kang tinemu sajroning tembung “luhur”, “rekangate”, “raqa’at”, “braim”, “Jibril, lan “sekabate”. Tembung-tembung kasebut bisa dideleng sajroning pethikan ing ngisor iki.

Sucinira ing raga puniki / den wuninga wilangane raga / kang manjing lima wektune / wektu **luhur** puniku / **rekangate** kawan perkawis / iya ing alis maripat / iya kekalihipun / dene kang darbeni ika / nabi **braim** malaékate **jabarail** / **sekabate** abu bakar // (Pp I:39)

Saka pethikan ing dhuwur bisa diandharake menawa akeh tinemu wujud akulturasasi yaiku kang arupa basa. Basa kang kacetak kandel ing dhuwur asale saka basa arab, lan digabung klawan Basa Jawa sajroning isine naskah. Luhur kang asale saka basa Arab yaiku “*dhuhur*”, rekangate asale saka tembung “*raqa’at*”, braim asale saka tembung *ibrahim*, jabarail asale saka tembung *jibril*, lan sekabate asale saka tembung “*sakhabat*”. Kanthi migunakake tembung-tembung kang asale saka basa Arab kasebut, nuwuhake sawijining akulturasasi sajroning basa yaiku lumebune basa Arab kang digabung klawan basa Jawa.

Sabanjure yaiku tembung ngasar kang asale saka tembung “*ashar*”. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Wektu **ngasar** iya kawan perkawis / usikipun lengen grana lan karna / kangjeng nabi unus kang darbe / dene malaékatipun / iya malaékat mikail / iya bagendha ngumar / pan sekabatipun / dene wektu magrib ika / apan tigang rekangate kathahe ninggih / cangkem lawan suku kiwa // (Pp I:40)

Saka pethikan ing dhuwur bisa diandharake menawa dumadi akulturasasi tumrap basa. Tembung-tembung kang asale saka basa Arab lebur sajroning basa Jawa, babagan kasebut bisa uga dumadi jalaran kanggo nglarasake klawan masyarakat Jawa kang lumrahe migunakake basa Jawa. Sanajan unine sarta tulisane ora padha nanging nduweni teges lan maksud kang padha. Tembung ngasar lan luhur digunakake wong Jawa kanggo ngarani wektu sholat ngasar sarta isya.

Sabanjure yaiku tembung sahuwat kang asale saka tembung syahwat. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Yen karem mangan adrang / lan **sahuwat** sayekti supeke ngati / adoh malaékatipun / angel barang sinedya / kerantene den enget pituturipun / lan

den sutigang perkara / iku kawruhana
kaki // (Pp IV:3)

Tembung “*syahwat*” sajroning basa arab dadi tembung “*sahuwat*”. Sajroning pethikan ing dhuwur ngandharake menawa wong iku yen karem mangan sarta sahuwat kang mung kanggo ngilangi sumpeke ati, bakal adoh saka malaekat.

Tembung “*rosulolah*” kang asale saka tembung “*Rasul*” lan “*Allah*” kang digandheng dadi “*rasulullah*”, tegese pawongan kang dadi utusane Allah. Tembung “*sadatolah*” kang asale saka “*syahadatullah*” utawa sinebut “*syahadat tauhid*”¹. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Rusaké tapa puniki / yen kelawan
maripat / rusake ing urip mangke / yen
tan buka **sadatolah** / lan sahadat
rosulolah / iya sadatolah iku / iya kaki
sadat rasulolah / kadi sadat **rasulolah**
//

Saka pethikan ing dhuwur bisa diandharake menawa tembung rasulolah mujudake tembung basa Arab “*rasulullah*”, nanging sajroning naskah SRD tembung kasebut owah dadi rosulolah kang ora ngilangi tegese asale.

Tembung sabanjure kang mujudake asile akulturasi yaiku tembung kakekat kang asale saka tembung “*hakikat*”. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Ana bumi mangku bumi langit / manuk
iku endah warnanira / segara roh
satwane / nguripi manuk iku,
anglimbuh ing jagat iki / warnanipun
sekawan / sikile welu / kulite saringat /
gethipun tarekat ingkang sejati /
ototipun **kakekat** //(Pp XIV:7)

Pethikan ing nduwur ngandharake ngenani tembung kakekat kang asale saka tembung hakekat. Tembung kasebut lumebu sajroning basa Jawa lan owah dadi kakekat. Sanajan kaya mangkono, ora ateges ngowahi tegese asline tembung.

Andharan-andharan ing dhuwur njlentrehake ngenani anane wujud akulturasi budaya antarane budaya Islam lan Jawa mligine ing babagan basa. Tembung kang asale saka Basa Arab kasebut lumebu sajroning basa Jawa lan digunakake dening masyarakat Jawa. Sanajan tembung-tembung kasebut akeh kang owah saka tembung asale, nanging ora ngowahi tegese tumrap tembung-tembung kasebut. Babagan kasebut kang diarani akulturasi. Tembung-tembung kasebut sansaya nambahi akehe tembung-tembung sajroning basa Jawa kang digunakake dening masyarakat tanah Jawa.

2. Sesebutan Marang Allah

Sajroning naskah SRD akeh tinemu sesebutan kang digunakake sajroning nyebut asmane Gusti Allah. Sebutan-sebutan iku dicampur karo sebutan-sebutan saka agama liya yaiku saka Agama Hindu kang lumrahe

nggunakake basa kawi. Sanajan sesebutan kasebut beda, nanging nduweni teges kang padha klawan tegese kang manggon sajroning *Asmaul Husna*. Babagan kasebut uga mujudake akulturasi, jalaran ana rong kabudayan kang digabung, nanging ora ngowahi kabudayan asline. Kabudayan ing kene yaiku anane cara kanggo nyebut asmane Gusti kang nggunakake basa saka agama liya nanging ora ngowahi teges asline sajroning Agama Islam.

Sesebutan kaping pisan yaiku Hyang Maha Suci kang bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Bongsa tuwekal tetep ing ngati / aja
keguh lamun den bebeda / kang
kaetung wekasane / wekasaning ing
laku / kahuningan **Hyang Maha Suci**
/ sucine raga / reraga mring ayu /
rahayu donya akerat / keraketa marang
tingal kang sejati / jati jatining tunggal
// (Pp. I : 8)

Saka pethikan ing dhuwur bisa diandharake menawa ana wujud akulturasi sajroning nyebut asmane Gusti Allah yaiku kanthi sebutan Hyang Maha Suci. Hyang Maha Suci tegese padha karo *Al Quddus* (Al-Qahtani, 2012:2). Hyang dhewe mujudake tembung kang asale saka basa Kawi kang tegese dewa lan sajroning Islam tegese Gusti Allah. Sajroning naskah SRD Hyang digunakake kanggo nyebut Allah. Mula saka iku, dumadi sawijining akulturasi sajroning babagan kasebut.

Sabanjure yaiku kanthi nggunakae sebutan Hyang Ngagung kang bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

Tanah ngarab kan den irib-irib / kang
den irip mring tanah jawa / amrih jawa
pana kabeh / kabeh kang sami makmum
/ kang makmuman sarengat nabi / iya
kangjeng nabi dukta / duktane **Yang**
Ngagung / kaluhurane agesang /
sangkanana tuwekas agama suci / suci-
sucine raga //(Pp I:38)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake sesebutan kanggo Gusti Allah yaiku Hyang Ngagung kang tegese kang paling gedhe utawa ageng. Sajroning al-Quran lan *Asma'ul Husna* Hyang Ngagung padha karo Al Kabir (Al-Qahtani, 2012:2).

Sabanjure yaiku Hyang Widi kang bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Sapraptane dinang **Yang Widi** / kang
mengkone sebdane pangeran / leh sira
baya ta mangke / Mokhamat satekamu
/ saking donya marang swarga / apa
oleh-oleh ira / sira marang ingsun /
kangjeng nabi dukta aturira /
atohkyatu angsal kawula Gusti /
kahatura marang tuwan //(Pp I:43)

Hyang Widi tegese dewa utawa kang Maha Pener (Winter, 2000:300), tegese Gusti Allah iku mujudake panggonan kang paling pener ora ana kang nadhingi.

Hyang Widi sajroning Al-Qur'an padha karo Al Haqq (Al-Qahtani, 2012:2)

Sabanjure yaiku sesebutan Gusti Inggang Maha Mulya, kang bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Nedha tuwan dhaharan tumuli /
kasihane **Gusti inggang Maha Mulya**
/ kangjeng nabi adhahar age /
dhedhaharan wus tuwuk / jabarail
angatak malih / kanjeng rasul
angandika / sampun tuwuk kisanak
gen kula bukti / jabarail gya mojar //
(Pp I:46)

Saka pethikan ing dhuwur bisa diandharake anane wujud akulturasi sajroning nyebut Asmane Gusti Allah, yaiku Gusti Inggang Maha Mulya. Maha Mulya sajroning basa Arab lan sajroning Asmaul Husna padha karo Al Majid (Al-Qahtani, 2012:2).

Sajroning nyebut Asmane Gusti Allah sanajan beda-beda sejatine nduweni tujuwan kang padha yaiku tujuwane kanggo Gusti Allah. Sabanjure yaiku nyebut asmane Gusti Allah kanthi sebutan Hyang Manom kang bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Dudu karsane dhewe kang tampi / sih
ira **Yang Manon** / ing tumuwuh
mapan darma bae / suka duka lan
jroma pati / wus pinesthi pesthi /
takdir ing Yang Ngagung // (Pp I:42)

Manon nduweni teges tingal (Winter, 2000:132) ateges Gusti Allah iku kang maha pirsu, bisa ndeleng sapa wae kang ana ing alam donya. Sajroning Asmaul Husna hyang Manon padha tegese karo Al Basir (Al-Qahtani, 2012:2).

Sabanjure yaiku sesebutan Maha Suci kang bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Tegese dhikir puniku / manut marang
kanjeng nabi / Mukamat dinil mustapa
/ kelawan maknane dhikir / eling
pangeranira / kang Agung **Maha Suci**
// (Pp XII:8)

Maha suci sajroning asmaul Husna padha karo Al Quddus (Al-Qahtani, 2012:2). Maha suci sajroning pethikan ing dhuwur digunakake kanggo nyebut Asmane Gusti Allah. Sesebutan sabanjure yaiku Hyang Tunggal kang bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Wiwitane duk mamucandhi /
gegodhong miwah wiratan / sih iyang
kabesmi kabeh / tan ana jalma kang
wruh / yen weruh purwane dadi /
candhi-candhi segara wetan / ingongar
tarurun / kayangane **sang Hyang
Tunggal** / sapareke kang jumeneng
mung artati / katon tengah tawang //
(Pp XIV:39)

Saka pethikan ing dhuwur bisa dideleng menawa kanggo nyebut asmane Gusti Allah migunakake hyang Tunggal kang tegese kang Maha Siji, nomer siji ateges ora ana kang nandhingi, ora ana lorone, mung siji.

Sesebutan kasebut sajroning asmaul Husna padha karo Al Ahad (Al-Qahtani, 2012:2).

Gusti Allah uga kang paling sembada, paling sae utawa apik ing jagat donya, mula saka iku kanggo nyebut Asmane uga migunakake Hyang Ayu. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Ana kidung angidung ing wengi /
bebarat tan duk winaca / sang Hyang
guru pangadega / lumaku sang **Hyang
Ayu** / alimbetan asmara ening /
ngadek sangawak teja / kang angidung
iku / yen kinarya angawula / myang
lelungan gunti gething dadi asih / satu
setan padha sumimpang // (Pp
XIV:46)

Pethikan ing dhuwur ngandharake anane sebutan marang Gusti yaiku Hyang Ayu. Sebutan iki sajroning Asmaul Husna padha karo

Saka andharan-andharan ing dhuwur bisa didudut menawa anane akulturasi budaya sajroning nyebut asmane Gusti Allah. Sanajan beda-beda anggane nyebut, lan uga dikanti klawan saka agama liya nanging tegese tetep padha lan tujuwane uga tetep siji yaiku Gusti Allah. Akulturasi kasebut nuduhake menawa sajroning nrima agama Islam, Masyarakat Jawa ora ngilangake Agama sang leluhur kang sadurunge yaiku Hindhu. Saliyane iku uga budayane. Budaya masyarakat Jawa digabung klawan budaya Islam kang kekarone lumebur dadi siji nanging budaya asline ora owah.

3. Ngenani Wong kang dianggep Keramat utawa Suci

Sajroning urip padinan, wong Jawa percaya marang anane wong kang dianggep keramat utawa suci, wong-wong kang dianggep suci iku antara liya guru-guru agama, paraga-paraga *historis* utawa setengah *historis*, paraga-paraga kang kondhang merga sawijining kedadeyan tartamtu utawa malah amarga tumindake kang ala (Koentjaraningrat, 1984:325). Sajroning **SRD**, bab kapercayan marang paraga-paraga kang dianggep suci bisa dideleng ing pethikan iki:

Bongsa ngulama iku angalami /
angalami ujar becik lawan ala / kang
ala siningkirake / inggang becik
cinangkup / amrih cukup tepunge
ngelmi / ngelmu inggang duraka /
rerasan kang antuk / antuk andonya
kérat / tamatna nalar den terus negari /
rineksa winidustha // (Pp I:32)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake menawa salah sawijining wong kang dianggep suci yaiku ulama. Sajroning ajaran Islam para ulama dianggep minangka pawongan kang wasis ing babagan kawruh lan pranatan agama uga dianggep minangka pawongan kang tansah nglakoni tumindak becik. Bab iki cundhuk karo kang diandharake sajroning naskah SRD iku.

Saliyane ulama, ana maneh paraga kang dianggep suci utawa keramat, yaiku pendhita. Bab iki bisa dideleng ing pethikan:

Mulane aran pandhita / pan pandhita iku inggil / tegese iku kathah / angungkuli ing sesami / mila aran sang yogi / iku wajib amemuruk / maring anak putu nira / mila aran maha yekti / maha yekti timapan nora cidra // (Pp III:9)

Pandhita sajroning agama Hindhu dianggep minangka wong kang linuwih, uga wasis ing babagan agama uga kang memulang ing bab bebener. Cundhuk klawan apa kang ana sajroning naskah SRD, kang ngandharake menawa pandhita dianggep minangka pawongan kang dhuwur drajade merga tansah memulang bebener marang anak putu lan ora tau cidra.

Saka pethikan-pethikan ing ndhuwur bisa didudut menawa sajroning **SRD** tinemu wujud akulturasi ngenani wong kang dianggep keramat utawa suci ing babagan iki ulama lan pandhita. Bab iku amarga ulama lan pandhita padha-padha dianggep minangka pawongan kang luhur drajade, wasis ing kawruh agama, uga dianggep tansah nglakoni laku kang becik. Mula, dudu perkara ulama apa pandhita, nanging tingkah laku uga sipat-sipate kang kudu tinulad supaya uripe tansah bener lan pener.

B. Sinkretisme

1. Babagan Sistem Keyakinan

Wujud sinkretisme kang kinandhut sajroning sistem kapercayan bakal diandharake ing ngisor iki.

a. Ngenani Nabi Muhammad lan Nabi-Nabi Liyane Minangka Wong kang Cedhak Klawan Pengeran

Sistem keyakinan Agami Jawi nganggep Nabi Muhammad caket banget karo Allah. Saben nganakake ritual lan upacara, saliyané nyebut asmaning Allah, uga nyebut asmane Nabi Muhammad. Sajroning **SRD**, kapercayane pangripta **SRD** ngenani cakete Nabi Muhammad karo Allah bisa dideleng saka pethikan iki:

.../ suk kangjeng Nabi dukta / ing ngendikan dhumateng Hyang Maha Suci / minggah maring swarga //

Sapraptane dinang Yang Widi / kang mengkone sebdane pangeran / leh sira baya ta mangke / Mokhamat satekamu / saking donya marang swarga / apa oleh-oleh ira / sira marang ingsun / kangjeng Nabi dukta aturira / atohkyatu angsal kawula Gusti / kahatura marang tuwan// (Pp I:43-44)

Saka pethikan iku bisa dideleng cakete Nabi Muhammad klawan Allah. Sajroning pethikan iku digambarake Nabi Muhammad bisa cecaturan karo Allah ing swarga sineksen malaikat Jibril. Nabi Muhammad

dianggep minangka Nabi kang banget diajeni, nganti malaikat Jibril ngundang Nabi kanthi sebutan tuwan.

Sajroning agama Islam, Nabi Muhammad dianggep Nabi kang paling dinut ajaran uga tuntunane, nanging sajroning SRD kalungguhane Nabi Muhammad diwawas beda karo kang ana ing Al Qur'an lan hadits. Bab iku bisa dideleng ing pethikan iki:

Wus pinesthi tuwan umat benjing / mung sak duman manjing suwarga / dene kang kalih dumane / kalérés neraka besuk / wau tuwan kalane bukti / namung telas sakduman / iku purwanipun / kanjeng Nabi gupuh angucap / pundi sanak kula telasne puniki / jabarail gya megat //

Boten kencing yen wali-wali / wau tuwan inggih kula atag / jare wus tumuwuk ature / Nabi rasul gegetun / nemuwus panangising ngati.... (Pp I:47-48)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake menawa Nabi Muhammad dianggep kang namtokake cacahé umate kang bakal mlebu ing swarga. Kamangka sajroning ajaran Islam ora ana ayat utawa hadits kang ngandharake kaya mangkono. Kang ana, cacahé umat kang mlebu swarga iku mung Allah kang priksa lan umat kang manut ajarane Nabi Muhammad kang bisa mlebu swarga.

Sajroning SRD, saliyané percaya marang Nabi Muhammad, uga ana perangan ngenani kapercayan marang Nabi-Nabi liyané kang minangka utusan Allah. Perkara iki bisa diwawas ing pethikan iki:

Kaping tigane waktu ihi / tegesipun precaya ing kitab / kang tinurutake kabeh / Nabi edris seket winilis / anenggih ponang kitab / edris telung puluh / ibrahim sepuluh / kitab toret musa dawut jabur injil / kitab kuran mukamat // (Pp XVII:3)

Pethikan ing dhuwur iku ngandharake menawa sajroning naskah SRD percaya ngenani Nabi-Nabi saliyané Nabi Mohammad kang pinaringan nugraha awujud kitab suci yaiku Nabi Edris (*Idris*), Nabi Ibrahim lan Nabi Musa. Saliyané iku, uga bisa dideleng saka pethikan iki:

.../ Nabi adam utekku bagendha esis/ pangucapku ya mongga//

Nabi yakub samiarsa mami / yusup ing rupakunira / jeng soleman kasekten mami / nabi dawut swaraku /.... (Pp XIV:20-12)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake menawa para nabi utusan Allah dipercaya minangka wong-wong kang linuwih. Mula saka iku, asma-asmane nabi kang minangka utusaning Allah tur pinaringan kaluwihan

dilebokake sajroning sawijine japa utawa mantra kang lumrahe digunakake masyarakat Jawa nalika Islam durung mlebu ing tanah Jawa.

Saka andharan-andharan ing dhuwur bisa diwawas menawa sajroning sinkretisme uga percaya marang anane nabi Muhammad sarta nabi-nabi liyane. Sanajan ing kono bisa dideleng menawa anggane nyebutake asmane rada beda klawan kang ana ing Al-Qur'an, ananging saka pethikan-pethikan sarta andharane wis cetha menawa sajroning sinkretisme uga percaya marang Nabi Muhammad lan nabi-nabi liyane.

b. Ngenani Roh Leluhur lan Roh Panjaga utawa Dhanyang

Miturut ajaran Islam, wong kang wis mati rohe bakal bali marang Allah lan ora bakal bali menyang alam donya. Sajroning Islam uga, menawa menungsa percaya marang roh-roh panjaga utawa dhanyang lan kang mbaureksa sawijining panggonan iku dianggep *musyrik*, nanging minangka masyarakat kang luwih dhisik nganut agama Hindu, Budha lan kapercayan liyane sadurunge Islam, kapercayane masyarakat Jawa marang anane roh leluhur isih kenthel banget. Sajroning SRD kapercayan marang anane roh leluhur utawa dhanyang bisa dideleng ing pethikan iki:

Apurane sun angetang / lelembut ing tanah jawi / kang rumeksa ing negara / para ratu ing dhedhemit / agung sawabe ugi / yen apal sedayanipun / kina ginawe tulak / kinarya tunggu wong sakit / kayu lemah kang ngarsadi tawang // (Pp XV:1)

Saka pethikan iku bisa diwawas yen lelembut minangka kang ngreksa utawa njaga sawernaning papan dipercaya isih gedhe sawabe, lan kena dienggo sarana kanggo nulak sukerta lan tunggu wong lara. Miturut Koentjaraningrat (1984:338), masyarakat Jawa percaya marang anane dhanyang yaiku roh kang njaga lan ngawat-awati sawijining masyarakat (desa, dhukuh utawa kampung), dene bahureksa yaiku panjaga papan-papan tartamtu kayata: bangunan tartamtu, sumur tuwa, sawijining panggonan tartamtu ing satengahing alas, enggok-enggokan (*tikungan*) sawijining dalan, wit ringin tuwa, guwa, lan sapiturute. Babagan ngenani dhanyang iku bisa dideleng ing pethikan iki:

Kang kriyin aneng brang wetan / durung weruh maespati / lawan raja baureksa / iku ratuning dhedhemit / blambangan winarni / lawan ta sengkala ratu / kang rumeksa ing blambangan / buta lodhaya kedhiri / prabu yeksa kang rumeksa giri pura // (Pp XV:2)

Pethikan mau ngandharake panjaga utawa kang mbahureksa saben-saben papan utawa kutha ing pulo Jawa. Wiwit saka wilayah kang ana sebrang wetan nganti teka kulon. Dipercaya anane roh penjaga utawa dhanyange. Sajroning pethikan iku uga bisa diwawas yen saben-saben panjaga iku dianggep nduweni kasekten kang dhuwur lan beda-beda.

Saka pethikan-pethikan ing ndhuwur bisa didudut menawa dumadi sinkretisme ngenani kapercayan marang roh leluhur lan roh panjaga utawa dhanyang. Sajroning Islam, pancen diwajibake percaya barang kang gaib, tegese kang ora bisa ditangkep panca indra klebu roh-roh, jim, setan, malaikat uga Allah. Miturut Islam uga, kang ngreksa alam saisine yaiku Allah, ora ana ayat kang ngandharake menawa ana roh penjaga utawa dhanyang ing papan-papan tartamtu ing donya.

Kapercayan marang roh panjaga utawa dhanyang iku jumbuh kalawan ajarane agama Hindhu kang percaya yen saben papan lan samubarang ing ngalam donya nduweni daya magis dhewe-dhewe. Bab iki bisa dideleng saka tradhisine agama hindu, salah sawijine yaiku anane pamasangan kain poleng ing panggonan-panggonan lan samubarang tartamtu kayata wit gedhe, patung lan watu kang dianggep wingit utawa nduweni daya tartamtu.

c. Ngenani anane Jim, setan sarta Buta raseksa

Saliyane roh leluhur lan roh panjaga, uga percaya marang anane Jim, setan lan Buta Raseksa. Senajan padha-padha makluk gaib, nanging beda karo roh leluhur lan roh panjaga kang dianggep bisa mbiyantu marang manungsa lan dianggep apik, sajroning masyarakat Jawa, jim, setan lan raseksa dianggep roh kang sipate ala (Koentjaraningrat, 1984:339). Sajroning Islam, makluk gaib kang dianggep ala iku diarani setan lan iblis, Jim durung mesthi ala, amarga dipercaya jim ana kang kafir lan ana jim Islam kang nglakoni ngibadah miturut syari'at Islam kayadene manungsa. Sajroning SRD uga ngandhut ngenani kapercayan anane setan lan sipate kang ala, babagan kasebut bisa dideleng ing pethikan iki:

Ing bening sekaratira / yen tumingal tingal peteng kaki / sukma burba ingkang ngridhu / iku nepsu luamah / pan wus pisah saking ngati nira putu / iku penggawene setan / kang aran setan yaudi //

Yen wong sekarat tumingal /tingal kuning sukma langgeng kang darbeni / nepsu amarah kang ngridhu / pan wus pisah saking manah / anggegawa apa sak karemanipun / yaiku macane setan / kang aran setan umani //

Yen wong sekarat tumingal / tingal abang sukma wasesa darbeni / supiyah pangridhunipun / wus pisah saking manah / apa dene anak bojo bapa biyung / iku penggaweane setan / ingkang aran setan wardudi // (Pp IV:19-21)

Pethikan iku ngandharake menawa sipat alane setan kang nggodha manungsa lumantar nepsu kang diduweni dening menungsa. Napsu iku mau yaiku nepsu aluamah, nepsu amarah lan nepsu supiyah kang

digambarake saka penggawene setan. Setan kang diarani setan yaudi iku setan kang manggon ing nepsu luamah. Setan kang manggon ing nepsu amarah arane setan umani. Wondene setan kang manggon ing nepsu supiyah yaiku diarani setan wardudi.

Andharan-andharan ing dhuwur cetha menahi gegambaran menawa sajroning sinkretisme, saliyané percaya marang anane roh penjaga uga percaya marang anane setan. Setan-setan kasebut senjata ora bisa dideleng mata sacara langsung nanging dipercaya ana. Setan dipercaya manggon sajroning nepsu-nepsu manungsa. Setan-setan kasebut dadi panggridhune tumrap manungsa ing alam donya.

d. Ngenani Kasekten

Koentjaraningrat (1984:341) ngandharake, wong Jawa nganggep kasekten minangka daya kang kuwat kang bisa ngasilake panas, sunar utawa kilatan. Kasekten iku bisa dumunung ing perangan-perangan tartamtu saka awake manungsa, kayata: sirah, kuku, idu, kringet, kuku, lsp. Kasekten uga bisa dumunung sajroning awake kewan utamane kewan kang gedhe, tangguh utawa aneh wujud kayata: macan, gajah putih, kethek putih, pitik aduan, manuk badhol, bulus putih, lsp. Kalff (sajroning Koentjaraningrat 1984:341) uga nambahi, kasekten umume uga dumunung ing barang kang dianggep suci, utamane barang-barang pusaka kayata keris. Sajroning SRD, babagan kapercayan ngenani kasekten kasebut bisa dideleng ing pethikan iki:

Caritane nenggih waringin susang /
wayah ira tumurana / angliyupi raga
mami / pipitu jajar maripit / amrih yen
siyang / teka lor pranata / angker
kalaning wengi //

Dusemana atempel tumpule sira /
netraku dadi dhingin / netra ningsun
emas / peputihi mutyara / ceploking
netra / walingker kudara putih //

Isep ingsun / kekencang ruruwetan/
alisku sarwa mandi / kiwa tengen pisan /
cupatku surya kembar/(Pp:XIII:1-9)

Pethikan iku ngandharake kasekten sawijining wit kang dipercaya nduweni daya kasekten. Dicitakake uga lamun tumempel ing wit iku, kabeh bagiyane awak bisa malih dadi kuwat lan nduweni daya sing gedhe utawa mandi. Bagiyane-bagiyane awak kang lumrahe bakale saka lulang lan daging, bisa malih dadi kaya-kaya bakale saka barang-barang kang kuwat kayata wesi, waja, kawat, watu item, tembaga lan sapanunggalane.

Saliyané iku, babagan ngenani kasekten sajroning naskah **SRD** uga bisa dideleng ing pethikan iki:

Ajiku gajah pamudya / kebo dhugul
brema rep sirep sasami / sirepen lara iku /
kasuwung sandhung jagat / tuting mala lir
manik ingsun / manah sabu buwana
/....(Pp XVI:9)

Pethikan iku ngandharake mantra saka sawijining ajian kang disebut aji gajah pamudya. Aji kang

diandharake kanggo nyirep bangsane lelara. Lumrahe aji-aji utawa mantra ora saben wong bisa ngrupal utawa ngucapake, mung wong-wong tartamtu kang bisa nguwasani. Sanajan kaya mangkono, sajroning sinkretisme, babagan kasebut mujudake sawijining wujud keyakinan.

Senajan mantra iku minangka warisane kabudayan sadurunge Islam, nanging sajroning mantra iku dileboni *kalimah syahadat* kang minangka syarat mlebu Islam. Saliyané *kalimah syahadat* tinemu anane ucapan salam yaiku ukara *ngalaikum salammu / wangalaikum salam*. *Kalimah* kasebut mujudake ucapan salam kanggone agama Islam. Saka andharan kasebut bisa didudut anane sinkretisme ngenani kapercayan ngenani kasekten kang ing sajroning SRD digambarake sajroning mantra kang diseseli tembung-tembung saka agama Islam.

2. Babagan Ritual

Ing ngisor bakal kaandharake ngenani wujud sinkretisme sajroning babagan ritual.

a. Shalat

Shalat mujudake ngibadah kang wajib dilakoni tumrap wong kang nganut agama Islam lan diwajibake salawase urip. Sajroning Al Qur'an, akeh ayat-ayat kang ngandharake ngenani kewajiban nindakake shalat, tata carane shalat lan piwalese kanggo wong-wong kang ora tenanan apamaneh ora nindakake shalat. Shalat wajib kang kudu dilakoni dening wong Islam yaiku shalat limang wektu. Saliyané iku uga anane sholat-sholat sunah liyane.

Sajroning SRD babagan ngenani kewajiban shalat limang wektu iku bisa dideleng saka pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Sucinira ing raga puniki / den wuninga
wilangane raga / kang manjing lima
wektune / wetu **luhur** puniku /
rekangate kawan perkawis / iya ing
alis maripat / iya kekalihipun / dene
kang darbeni ika / nabi braim
malaékate jabarail / sekabate abu
bakar//

Wektu **asar** iya kawan perkawis /
usikipun lengen grana lan karna /
kangjeng nabi unus kang darbe / dene
malaékatiipun / iya malaékati mikail /
iya bagendha ngumar / pan
sekatatiipun / dene wektu **magrib** ika /
apan tigang rekangat... (Pp I:39-40)

Pethikan ing kaca dhuwur ngandharake menawa shalat minangka sarana kanggo secuci tumraping raga. Shalat uga diandharake jangkup limang wektu yaiku **luhur**, **asar**, **magrib**, **isak** lan **subuh**. Sajroning Al Qur'an, tumurune limang wektu shalat yaiku nalika kedadeyan sinebut *Isra' mi'raj* kang nyritakake lelakone nabi Muhammad SAW wiwid Masjidil Haram, Masjidil Aqsa, nganti tumuju panggonan kang dhuwur dhewe ing donya kang sinebut *Sidratul Muntaha*.

Beda karo kang diandharake sajroning Al Qur'an, sajroning SRD limang wektu shalat diturunake marang Nabi Muhammad ora ing *Sidratul Muntaha*, nanging ing swarga. Sajroning pethikan saka naskah SRD iku uga digambarake yen ing saben wektu shalat iku ana Nabi-nabi, malaikat lan sekabat Nabi Muhammad SAW kang ndarbeni lan manjing ing saben perangan-perangane awak, kayata:

Wektu luhur manjing ing alis loro, kang darbe Nabi Ibrahim, sekabate Abu Bakar. Wektu asar manjing ing lengen, irung lan kuping, kang ndarbeni nabi Yunus, malaikate Mikail lan sekabate Umar. Wektu magrib manjing ing cangkem lan suku kiwa, kang ndarbeni nabi Isa, malaikate Izrail, sekabate Ali. Wektu isak manjing ing tangan loro lan sikut, sekabate Usman, lan wektu subuh sing darbe nabi Adam, manjing ing badan lan nyawa.

Sajroning andharan iku pancen nabi, malaikat lan sekabat iku paraga-paraga kang ana sajrone Islam, nanging ora ana andharan ngenani shalat kang kaya mangkono iku. Sajroning Al Qur'an pancen ana wektu shalat kang dianggep mirunggan, yaiku wektu asar lan wektu subuh, kang diandharake antara liya sajroning surat *Al Israa':78* kang tegese:

Lakonana shalat saka wiwit angslupe srengenge lan lakonana uga shalat subuh jalaran shalat subuh iku disekseni dening malaekat(QS, Al-Israa':78)

Saka pethikan ing dhuwur, cetha menawa sajroning Al-Qur'an lan kapercayane umat Islam, menawa manungsa iku kudu nglakoni sholat wiwit angslupe yaiku wiwit sore. Saliyane iku, sholat subuh uga kudu dilakoni jalaran sholat subuh iku disekseni dening malaekat utawa bisa diarani kang paling mirunggan.

b. Tirakat

Masyarakat Jawa umume kanthi sengaja nindakake bab-bab kang sipate angel lan nyengsarani kanggo maksud-maksud tartamtu. Ancase, kanthi nglakoni upaya-upaya kasebut bisadadi sarana kanggo nglatih supaya kuwat imane lan ndadekake wong kasebut bisa ngadhepi pacoban-pacoban, rasa cuwa lan rasa kuciwa sajroning uripe. Upaya-upaya kasebut diarani tirakat.

Tirakat bisa dilakoni antara liya kanthi mutih, siyam, ngglowong, ngepel, ngebleng lan patigeni. Mutih tegese ora mangan kejaba sega putih ing dina Senen lan Kemis. Siyam tegese pasa ing sasi Ramadhan sesasi utuh. Ngglowong tegese pasa sawetara dina ngadhepi dina-dina penting Islam kayata, sura, besar. Ngepel tegese mangan sethithik, yaiku ora luwih sakepelan. Ngebleng yaiku pasa lan ndhewe ing panggonan tartamtu kanthi ora ana bukane sajrone wekyu tartamtu, umpamane 40 dina. Patigeni tegese pasa lan ndhewe sajroning papan kang peteng dhedhet kang ora bisa ditembus cahya (Koentjaraningrat, 1984:371).

Sajroning SRD, ngenani babagan tirakat bisa dideleng ing pethikan iki:

Lamun arsa tulus nandur pari / pasa sawengi sadina / iderana galengane / wacanen kidung iku / sakeh lara samya bali / yen sira lunga perang / ateken ing sekul / antuka tigang pulukan / musuhira sira rep sirep tan nana wani / rahayu ing payudan // (Pp XIV:26)

Pethikan iing dhuwur ngandharake sawijining carane tirakat yaiku kanthi pasa sedina sewengi nalika arep nandur pari supaya bisa antuk asil kang apik. Saliyane iku, ing pethikan iku ngandharake supaya mateg sawijining aji tartamtu ing sega lan mangan telung pulukan sadurunge budhal perang kanggo nelukake musuh-musuhe. Tirakat kang kaya mangkono dipercaya dening masyarakat. Tirakat iku menawa dilakoni bakal ndadekake kasembadane sakabehane pepenginan. Babagan kasebut bisa katiti saka pethikan ing ngisor iki.

Sing sapa sakeh bisa nglakoni / amulih lawan ana wana / patang puluh dina bae / lan tangi wektu subuh / lan den sabar sabar ring ngati / insakalah ketekan / sakkarsane reku / tumrap sakanak rayatira / saking sawabe ngelmu pangiket mami / duk aneng kali jaga // (Pp XIV: 27)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake sawijining laku tapa. (Koentjaraningrat, 1984:371) ngandharake, sajroning kasusastran kuna, konsep ngenani tapa dijupuk langsung saka konsep Hindu *tapas*, kang asale saka buku-buku Veda. Saka pethikan ing ndhuwur bisa didudut menawa dumadi sinkretisme ngenani babagan tapa. Tapa kang asale saka agama Hindu, uga anane tangi ing wektu subuh. Pethikan iku ngandharake sawijining tapa yaiku ora mulih lan manggon ing alas utawa diarani tapa ngidang suwene 40 dina lan tangi ing saben wektu subuh bakal katekan apa kang dadi sedyane. Bakal kepenak uripe nganti tumeka anak putu.

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saka asile tingingan ing prathelan sadurunge, bisa didudut menawa naskah SRD irah-irahae dijupuk saka wiwitane naskah. Wektu lan papan panulisan ora cetha jalaran perangane ilang. Kahanan fisik-e naskah nglegena utawa tanpa ana samake. Tulisane mawa aksara Jawa lan tinulis nggunakake tinta. Basa kang digunakake sajroning teks yaiku Basa Jawa Anyar minangka basa kang utama. Saliyane iku ing sawetara perangan uga nggunakake basa Arab lan Basa Kawi. Isine naskah SRD yaiku ngenani piwulang-piwulang becik kanggo manungsa sajroning urip padinan.

Suntingan teks ngasilake tingingan awujud aparat kritik kang tujuwane kanggo ngowahi tembung-tembung kang luput lan komentar kang tujuwane menehi andharan tumrap tembung-tembung kang luput sajroning teks.

Wujude akulturasi sajroning naskah SRD yaiku tinemu sajroning basa kang digunakake, yaiku nggunake

tembung-tembung saka basa Arab kang digabung klawan basa Jawa. sajroning nyebut asmane Gusti Allah, ngenani wong kang dianggep *keramat* utawa suci. Wondene sajroning nyebut asmane Gusti Allah, nggunakae sesebutan kanthi sesebutan sajroning agama liya, nanging tetep nduweni teges lan makna kang padha. Wujude sinkretisme sajroning naskah SRD yaiku ing babagan kapercayan lan ritual. Babagan kapercayan wujude yaiku babagan kapercayan yaiku 1) ngenani Nabi Muhammad lan nabi-nabi liyane, 2)percaya ngenani roh-roh leluhur utawa roh penjaga utawa dhanyang, 5) percaya marang jim lan setan, lan 6) percaya marang kasekten. Wondene babagan ritual yaiku 1) shalat lan 2) tirakat.

B. Pamrayoga

Panaliten iki isih adoh saka kasampurnan amarga mung nliti saperangan nilai kang asipat sinkretisme. Mula sejatine isih akeh kang bisa diteliti kayata: saka tintingan basa, sastra, budaya, lan liyane. Panliten mau diajab bisa luwih sampurna lan bisa nambah khasanah kasustraan Indonesia utamane kasusastran Jawa mligine ngenani Naskah lawas.

Nliti naskah-naskah tradisional minangka sawijining tumindak kanggo ngluluri wujud saka asil kabudayan Jawa. Para pamaos diajab bisa nliti naskah jalaran sajrone naskah ngemu sawijining piwulang kang bisa diweruhi mung kanthi cara nliti karya sastra kasebut.

DAFTAR KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsini. 1998. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta
- Bariad, Siti Baroroh Ikk, 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Peneliti dan Publikasi Fakultas Seksi Filologi, Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada
- Geertz, Clifford 1983. *Abangan, Santri, Priyayi*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Harsojo. 1967. *Pengantar Antropologi*. Bina Tjipta
- J.W.M. Bakker SJ. 1984. *Filsafat Kebudayaan Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanicius
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Balai Pustaka
- , 1996. *Pengantar Antropologi*.
- Labib. 2005. *Memahami Ajaran Tashawwuf*. Surabaya: Bintang Usaha Jaya
- Moleong, Lexy J. 2008. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Mulder, Neils. 1985. *Pribadi dan Masyarakat di Jawa*. Jakarta: Sinar Harapan
- Muryanto, Sri. 2010. *Ajaran Manunggaling Kawula Gusti*. Bantul: Kreasi Wacana
- Purnomo, S.Bambang. 2007. *Filologi dan Study Sastra Lama*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya
- , 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya
- Rahyono. 2010. *Kiat Menyusun Skripsi*. Jakarta: Penaku
- Ratna, Nyoman Kuta. 2011. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Robson, S. O. 1994. *Prinsip-prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: Pengembangan Bahasa
- Saputra, Karsana. 2008. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra
- Simuh. 1986. *Nilai Mistik dalam Kebudayaan dan Kapustakan Jawa*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa
- , 1988. *Mistik Islam Kejawen Raden Ngabehi Ranggawarsita*. Jakarta: UI Press
- , 2003. *Islam dan Pergumulan Budaya Jawa*. Bandung: Mizan
- Sofwan, Ridin, Ikk. 2000. *Islamisasi di Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Suryani, Elis NS. 2012. *Filologi*. Jakarta: Ghalia Indonesia Dinamika
- Subandiyah, Heny. 2010. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press
- Sudardi, Beny. 2003. *Penggarapan Naskah*. Surakarta: Badan Penerbit Sastra Indonesia
- , 2003. *Sastra Sufistik*. Surakarta: Tiga Serangkai Pustaka Mandiri
- Teew, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta. Pustaka Jaya
- Zoetmoelder, P. J. 1983. *Kalangwan Sastra Jawa Kuno Selayang Pandang*. Jakarta : Djambatan
- , 1990. *Manunggaling Kawula Gusti Pantheisme dan Monisme dalam Sastra Suluk Jawa*. Jakarta: Gramedia

KAMUS

- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: Groningen
- Winter, C.F. 2000. *Kamus Kawi-Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Yunus, Mahfud. 1973. *Kamus Arab-Indonesia*. Jakarta: Yayasan Penterjemah/Penafsiran Al Qur'an